




Konsènan MWRA

Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten

Menmsi li plis koni pou reyisit netwayaj li yo nan Boston Harbor, Administrasyon Resous Dlo Massachusetts (Massachusetts Water Resources Authority, (MWRA) founi tou dlo potab bay plis pase twa milyon rezidan ak 140,000 antrepriz nan Massachusetts. Sistèm dlo nou an la depi mitan lane 1800 yo e yo te kontinye ap devlope epi amelyore li depi plis pase 250 lane. Sous dlo prensipal nou yo – Quabbin ak Rezèvwa Wachusett yo – lokalize nan lwès Boston nan kèk nan basen idwografik ki pi byen pwoteje yo nan Massachusetts. An 2019, dlo nou an te ranpòte vòt yo pou dlo ki gen pi bon gou nan New England pou twazyèm fwa depi 2011.

Lè li te kreye nan lane 1984, MWRA te eritye youn nan meyè sistèm dlo nan peyi a: toutfwa, yo te neglige li pandan plizyè dizèn lane. Depi lè sa nou fè gwo envestisman pou modènize sistèm dlo a, ak konstriksyon yon tinèl dlo ki fe 17.6 kilomèt, yon estasyon tretman dlo ki trè modèn ak sèt etablisman estokaj dlo ki kouvr. Nou te ranplase oswa reyabilite prèske 100 kilomèt kanalizasyon dlo tou.

Pandan dènye lane sa yo, konsatrasyon nou se te pou nou te asire redondans pou nou te kapab reyachemine dlo a pandan mentrans ak nan ka yon entèripsyon konsa sèvis la p ap kanpe. Travay sa te gen ladan reparasyon, ki te dwe fèt depi byen lontan, Akedik Hultman nan, nouveau kanalizasyon nan kèk pati zòn sèvis yo ki te gen pwen defayans inik ak yon nouvo estasyon ponpaj dijans nan Marlborough. Epitou, nou te kòmanse ak konsepsyon faz inisyal la pou de nouvo tinèl distribisyon dlo ki pral pèmèt nou fè reparasyon nan sistèm tinèl dlo ke nou genyen deja a.



Sistèm Tinèl Dlo MWRA a

KONSÈNAN PWOGRAM TINÈL DLO METWOPOLITEN AN

Avèk Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten, MWRA pral konsti de (2) nouvo tinèl dlo ki pral fasilite yo repare ansyen sistèm tinèl dlo ki la deja san yo pa sispann sèvis la. Pwogram nan pral founi redondans konplè pou Sistèm Tinèl Metropoliten ki egziste a, ki enkli City Tunnel (1950), Pwolonjman City Tunnel la (1963) ak Dorchester Tunnel (1976). Tinèl sa yo delivre 60 poustan dlo ki prale nan direksyon lès apati Quabbin Reservoir la atravè yon seri tinèl ak akedik pou rive nan enstalasyon tretman dlo trè modè nou an nan Marlborough ki sèvi Boston ak 44 kominate nan Lès Massachusetts.

De (2) nouvo tinèl distribisyon dlo sa yo – youn nan Nò ak youn nan Sid zòn sèvis Boston Metropoliten an – pral pèmèt kontinyasyon san entèripsyon sèvis dlo a pandan ke y ap mete Sistèm Tinèl Metropoliten an an deyò sèvis, pou li enspekte epi reyabilite.

POUKISA PWOGRAM SA A NESESÈ


Sistèm Tinèl Metropoliten ki la deja a t ap itilize san kanpe depi plis pase 50 lane. Jodi a tinèl yo, ak sifas tiyotri ak valv ki gen rapò ak yo, pa ka mete an deyò sèvis pou enspeksyon oswa reparasyon paske yo endispansab pou distribisyon dlo nan Boston ak kominate ki ozalantou yo, epi paske pa gen okenn sistèm redondans pou ede yo. San yon redondans nan seksyon sa a nan sistèm transpò dlo nou an, yon defayans nan yon eleman kle nan Sistèm Tinèl Metropoliten ki egziste a ta ka voye sinal pou fè bouyo dlo a sou yon gran echèl, redui yon fason siyifikatif kapasite distribisyon dlo a oswa menm sispanasyon sèvis la jiskaske reparasyon yo fini. Enpak ekonomik yon defayans majè nan Sistèm Tinèl Metropoliten MWRA ki egziste a estime ak yon montan ki plis ke \$300 milyon pa jou. Enpak potansyèl yon koupi dlo pwolonje sou sante piblik, sekirite ak sou ekonomi an pou Lès Massachusetts pa menm ka mezire.



Vàn tinèl ki bezwen reparasyon yo

KIJAN YO PRAL KONSTWI TINÈL YO?

Nou pral itilize prensipalman Machin pou Fouye Tinèl (TBM yo) pou fouye de (2) tinèl dlo k ap mezire anviwon 10 pye dyamèt. Travay pou fouye tinèl la ap egzekite nan manman wòch la nan yon pwofondè 200 rive 500 pye anba tè a. Yon fwa li fini, mi tinèl yo ap double ak yon kouch beton. Dlo a pral sikile atravè tinèl pwofon sa yo pou ale jous nan pui yo, ki pral lokalize toupre kondui dlo ki egziste deja yo. Dlo a pral sikile atravè nouvo tinèl yo epi monte nan nouvo pui yo jiska nouvo chanm vàn yo epi yo pral alafen konekte ak sistèm ki egziste deja nou an gras ak nouvo kanalizasyon. Konstriksyon tinèl pwofon nan wòch la olye kanalizasyon ki an sifas pou pwogram sa redui yon fason sistematik enpak potansyèl li ka genyen sou kominate ki asosye ak konstriksyon ki pre sifas oswa ki nan espas louvri nan ri vil la.




Yon tinèl distribisyon dlo konplè

Yon fwa nouvo tinèl la operasyonèl, konpozan ansyen tinèl yo ka enspekte, repare oswa ranplase lè sa nesesè. Finalman, pòsyon sistèm tinèl redondan ki kombine a ka aktive oswa dezaktive selon bezwen pou mentnans ak reparasyon san sa pa lakoz gwo entèripsyon nan sèvis dlo a.

KI KOTE TINÈL LA AP PLASE?

Tinèl la pral kòmanse nan Weston, kote li ka konekte ak sistèm dlo ki egziste a, ak youn ki dirije nan nò ale nan Waltham ak lòt la ki dirije nan sid ale Mattapan. Lokalizasyon egzak tinèl souteren yo p ap devwale jiskaske faz konsepsyon an byen avanse, men sit ki pwopoze pou pui yo te idantifye. MWRA pral travay an kolaborasyon sere ak kominate dakèy yo pou asire yon enpak minimal pou rezidan ak antrepriz yo toutolon wout yo.



Zon Etid pou Aliyman Tinèl la

KIJAN YO PRAL FINANSE L?

MWRA gen yon misyon prensipal pou li founi dlo ki fyab, ki rantab ak ki gen bon kalite, e li gen objektif pou li konsève evalyasyon tarifè dirab ak previzib pou manm kominate nou an. Nan optik sa a, rezulta enpak alontèm ke n ap tann nan men Pwogram Tinèl la sou to enterè yo te evalye.

Depans final Pwogram Tinèl la poko defini paske konsepsyon final ak konstriskyon yo rete anpil lane toujou ak anpil travay ki gen pou fèt pandan tan an. Toutfwa, gen yon montan estimatif ki \$1.8 milya ki rezèvè nan Bidjè Pwogram Amelyorasyon Imobilizasyon 2024 nou an. Enpak kou estimatif yo enkli nan pwojeksyon to MWRA aktyèl yo.

KILÈ TRAVAY LA AP KÒMANSE?

Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten an nan konsepsyon preliminè li ak etap revizyon anviwònmantal li. Konsepsyon preliminè a pral enplike altènatif evalyasyon ak depistaj yo, evalyasyon anviwònmantal yo, pèmisyon, katografi debaz, envestigasyon jewoteknik ak konsepsyon preliminè nouvo tinèl yo. Konsepsyon final la pral kòmanse apre konsepsyon preliminè a fini, avèk konstriksyon tinèl la ki planifie pou li fèt nan anviwon 2027 rive 2038.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Tinèl Dlo Metropoliten an, tanpri, ale sou sitwèb www.mwra.com/mwtp.html oswa kontakte Ekip Kominikasyon nou nan adrès imèl tunnels.info@mwra.com.



Massachusetts Water Resources Authority • 33 Tafts Avenue • Boston, MA • 02128
(617) 242-6000 • www.mwra.com